



SpeakUp™

Pran Medikaman San Danje

Sante ak sekirite pitit ou a enpòtan pou nou. Ou ka fè yon diferans nan swen pitit ou a lè w poze kesyon epi patisipe aktivman.

Kisa ou ka fè pran medikaman vin san danje pou pitit ou a?

- Toujou pote yon lis tout medikaman (oswa boutèy medikaman yo) ke pitit ou a ap pran nan chak vizit.
- Di founisè swen ou an pwa aktyèl pitit ou a oswa mande yo pran pwa pitit ou a (an kilogram). Medikaman pou timoun yo baze sou pwa.
- Poze kesyon annapre yo:
 - Poukisa pitit ou a bezwen yon nouvo medikaman? Ki jan sa a pral ede li?
 - Ki non medikaman an?
 - Èske gen enfòmasyon ekri sou medikaman an?
 - Kisa medikaman an sanble? Èske se yon likid oswa yon konprime? Ki koulè medikaman an ye?
 - Kouman pou mwen bay pitit mwen medikaman sa a? Ou ta dwe kapab repete enstriksyon yo pou founisè swen an (yo ka mande w pou ou "Aprann yo an Retou").
 - Ki efè segondè ou ta dwe veye?
- Di founisè swen ou an tout alèji ak reyaksyon pitit ou a te fè ak nenpòt medikaman nan tan lontan.
- Di doktè w la si w pa konprann yon enfòmasyon kèlkonk oswa si w gen kesyon.
- Lè w resevwa medikaman an, verifye ke non pitit ou a make sou etikèt la, non medikaman an, kantite a, ak enstriksyon yo kòrèk.
- Si pitit ou a gen pwoblèm pou vale, mande si medikaman an vini an likid oswa si yo ka bay li yon lòt jan. Toujou mande famasyen founisè swen ou an si ou ka koupe, kraze, oswa mete medikaman yo nan manje. Kèk medikaman ka pa bay rezilta oswa ka danjere si yo koupe oswa kraze.

Kontakte founisè swen pitit ou a si w gen nenpòt kesyon oswa enkyetid ki gen rapò ak medikaman.

©The Joint Commission (Komisyon Miks la) | Yo ka kopye epi distribye | Department of Corporate Communications (Depatman kominikasyon antrepriz)